**Jazaahul ihsaan lil xuddaami alhamdulilaahi lazi wolof**

Maa ngi tàmblee ci turu yàlla, miy yaatali xeewëlam ci àddina te di ko jagleele ca alaaxira
yaw yalla yalnanga dolli xewël ci sunu sang mohammad te nga dolliko mucc
lii ag pay la ñeel gnimay ligéeyeum di rafetal te yalla rek tax

1. mboolem xeeti cant yi ñeelna yàlla miy fay ñiy rafetal aw yiiw ak barabu muccukaay
2. dolli xewëlug yàlla yalna nékk ci yonent bay aji yittewo yàlla ak ñoñam aki saabam yay ay ligéeykat lañ
3. yëgël ni tay jii boroomug ngërëm laa te boroomug sopp la ci ñimay ligéeyël
4. loolu mo tax may sàkku ci yàlla mu tédd mi mu fayalmaléen ci barke boroom daraja ju màgg ja
5. yaw sunu boroom yaw sunu boroom yaw sunu boroom yaw sunu boroom yaw sunu boroom yaw sunu soppe
6. yalnanga dolli xewël ci ngën gi mbindeef Mohammad ak ñoñam aki saabam yay ay jaamukatu yàlla
7. yalnangama jéggël samay bàkkaar ak bàkkaaru bépp jullit bu góor ak bu jigéen yaw yàlla miy jéggalaakon te aji dimbalée ji
8. yalnanga faj aajoy ña sax dàkk dima ligéeeyël te yalnangaléen may lépp lunuy sàkku
9. yalnangaléen wërsëgële ag ngëm yàlla gu ànd ak jëfe ndigëli yàlla yi akug ubbéeku akug rafetal akug wommatu ci yaw
10. yalnangamaléen fayal ci sag njéggëll ak sa teranga ak sa ngërëm
11. yalnangaléen ñoddi jëme ci ag njub ak ci yu baax yi yalngaléen wëlbëti waliis alkaande ak lor
12. yalnangaléen jeggël bépp neen ak bépp bàkkaar te nga mayléen defarug xol
13. yalnanga nékk kuléen di dimbale ci séen mbirum diine ak ci séen mbirum àddina diiru jamono yépp
14. yàllaboléen jappé bàkkaar yiñuy def ci lu nëbbu ak lu feeñ yaw aji tédd ji

15. yalnangaléen ubbi ci fànni xam xam yépp ubbiku guléen di deñaal ci ay tar tar aki bon bon
16. yalnangaléen may texe gu sax dàkk yaw aji baax ji aji wuyu ñaan ji aji tédd ji
17. yalnanga wëlbëti séen xol ñu toppla ànd ko ak xam xam gu ànd ak jefe ci biir waxtu yépp
18. ci barke ngën gi mbindeef Mohammad ak barke weeru koor wu tédd wi
19. ci barke wa kërëm aki saabam yépp ci barke bépp jaamukat bula topp
20. yalnangako dolli mucc topp ag dolli mucc ak ñoñam aki saabam te nga dolliko teral
21. fii ag ligéey bi sax doon yéeguway jëme ci ag texe akug mucc ak kawe

Tudd naa sellug sa Boroom, Boroom kàttan gi
Kawe na ca la ñu koy melal !
Te jàmm yal na wàcc ci Yonent yi, te xeeti cant yépp ñeel na Yàlla miy Boroom àddina si

**Nuuru Daarayni WÀDD**